

# Dapre rechèch, timoun reyisi plis lekòl lè fanmi yo patisipe nan devlopman yo ak edikasyon yo.

## Pou timoun enfim, li kapab menm pi enpòtan pou paran yo patisipe.

Anpil fwa, paran yo se sèl grenn sous oswa pi bon sous enfòmasyon sou pwen fò yon timoun ak sou enfluyans yon enfimite genyen sou devlopman oswa kapasite pitit yo an pou aprann. Lalwa sou Edikasyon Moun Enfim (IDEA) mande pou tout paran patisipe kòm manm egal ego nan ekip ki ap evalye kapasite pitit yo an epi kreye yon Plan Sèvis Endividyalize pou Fanmi (IFSP) oswa yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pou satisfè bezwen spesyal pitit yo an.

Depatman Edikasyon Leta Maryland (MSDE), Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèkansyon Bonè (DSE/EIS) ap siveye epi kore Pwogram lokal pou Tibebe ak Tikatkat ansanm ak sistèm lekòl lokal pou garanti yo respekte lwa IDEA an epi li ap kore patisipasyon nèt fanmi yo nan planifye entèkansyon bonè ak edikasyon spesyal.

## Sèvis Sipò Fanmi pou Fanmi Timoun enfim depi Yo Fèt Jiskaske Yo Gen 21 nan

Maryland genyen Koòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi nan chak jiridiksyon ki ap ede fanmi timoun enfim depi yo fèt jiskaske yo gen 21 nan. Yon repetwa Sèvis Sipò pou Fanmi afiche sou sit Entènèt [www.mdecgateway.org](http://www.mdecgateway.org) la. Si ou bezwen plis èd oswa plis enfòmasyon sou jan pou idantifye timoun enfim, rele nou.

### Maryland State Department of Education

Division of Special Education/  
Early Intervention Services  
Family Services and Interagency Branch  
200 West Baltimore Street, 9th floor  
Baltimore, Maryland 21201  
Nimewo Gratis 1-800-535-0182  
Faks 410-333-8165

#### Nancy S. Grasmick

Direktè Lekòl Leta

#### James H. DeGraffenreidt, Jr.

Prezidan Komite Edikasyon Leta

#### Carol Ann Heath

Direktè Adjwen Lekòl Leta  
Divizyon Edikasyon Spesyal ak  
Sèvis Entèkansyon Bonè

#### Martin O'Malley, Gouvènè



Depatman Edikasyon Leta Maryland pa fè diskriminasyon poutèt ras moun, koulè moun, sèks yo, laj yo, peyi kote yo soti, relijyon yo oswa enfimite yo nan koze ki afekte travay yo oswa nan bay yo aksè a pwogram. Pou kesyon sou règleman nan depatman an, tanpri kontakte Equity Assurance and Compliance Branch nan nimewo telefòn 410-767-0246, Faks 410-333-2226, oswa 410-333-6442 TDD. Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèkansyon Bonè te devlope epi pwodi dokiman sa-a avèk don lajan Depatman Edikasyon Ameriken, Biwo Edikasyon Spesyal ak Sèvis Reyabilitasyon, IDEA, Pati B, Don #H027A080035A. Opinyon ki ekspriye la yo pa reflete nesèsman opinyon pa Depatman Edikasyon Ameriken an ni opinyon okenn lòt biwo federal ni ou pa dwe konsidere yo se opinyon yo. Enfòmasyon an pa gen dwadotè. Yo ankouraje lektè yo pou yo kopye epi pataje li, men tanpri mansonnen Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèkansyon Bonè, Depatman Edikasyon Leta Maryland lan. Annakò avèk Lwa sou Ameriken ki Enfim (ADA) dokiman sa-a disponib nan lòt fòma si ou mande sa. Tanpri kontakte Family Services and Interagency Branch nan nimewo 410-767-0858, Faks 410-333-1571.

# Patisipa- syon paran nan planifye IFSP oswa IEP pitit ou an enpòtan anpil!

- Èske ou ta renmen gen enfòmasyon sou entèkansyon bonè oswa edikasyon spesyal?
- Èske ou ta renmen gen sipò ak resous pou ede ou asiste pitit ou ki enfim oswa ki gen reta lakay li oswa nan lekòl li?



**Rele nou!**  
**1-800-535-0182**

DEPATMAN EDIKASYON LETA MARYLAND  
Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèkansyon Bonè

## Rezo Koòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi nan Maryland

Depatman Edikasyon Leta Maryland (MSDE) Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèkansyon Bonè (DSE/EIS) kenbe yon rezo Koòdonatè lokal Sèvis Sipò pou Fanmi ki ap ede **paran timoun enfim** pou yo patisipe toutbon nan planifye entèkansyon bonè ak sèvis edikasyon spesyal pou pitit yo.

Pou Fanmi Timoun Laj  
**Depi yo Fèt Jiskaskè  
Yo Gen 3 Zan**

**Koòdonatè  
Rezo Sipò  
pou Fanmi**

Pou fanmi Timoun Laj  
**3 zan jiska  
5 an**

**Koòdonatè  
Patnè  
Jadendanfan**

Pou fanmi Timoun Laj  
**3 zan jiska  
21 nan**

**Patnè pou  
Koòdonatè  
ki Reyisi**

### Koòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi disponib nan chak jiridiksyon nan Maryland:

Reponn kesyon sou entèkansyon bonè ak sèvis edikasyon spesyal • Ede yo ankouraje rapò ant fanmi • Founi resous epi prete materyèl bibliyotèk • Òganize antrenman pou paran • Fasilite gwoup sipò pou paran • Kore fanmi nan planifye pou tranzisyon • Ede paran yo enfòmèlman rezoud sousi yo genyen sou sistèm lokal entèkansyon bonè a sou sistèm lekòl lokal • Bay enfòmasyon sou pwosesis fòmèl Maryland lan pou rezoud litij ak sistèm lokal entèkansyon bonè yo ak sistèm lekòl lokal yo.

Koòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi yo kontan anpil pou ede fanmi timoun ki enfim. **Rele nou!**

## Koòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi

Jiridiksyon Lokal	Rezo Sipò pou Fanmi <i>Depi yo Fèt jiska Laj 3 zan</i>	Patnè Jadendanfan <i>Laj 3 zan jiska 5 an</i>	Patnè pou Sikse <i>Laj 3 zan jiska 21 nan</i>
Allegany Kaounti	301-689-2407	301-689-2407	301-689-2407
Anne Arundel Kaounti	410-222-6911	410-222-3805	410-222-3805
Baltimore City	410-396-1666	410-396-8995	410-396-8995
Baltimore Kaounti	410-887-2169	410-887-5443	410-887-5443
Calvert Kaounti	410-535-7387	410-535-7387	410-535-7387
Caroline Kaounti	410-479-4204	410-479-4204	410-479-4204
Carroll Kaounti	410-876-4437	410-751-3955	410-751-3955
Cecil Kaounti	410-996-5637	410-996-5637	410-996-5637
Charles Kaounti	301-934-7456	301-934-7456	301-934-7456
Dorchester Kaounti	410-221-0837	410-221-0837	410-221-0837
Frederick Kaounti	301-600-1617	301-600-1617	240-236-8744
Garrett Kaounti	301-334-8119	301-334-8119	301-334-8935
Harford Kaounti	410-638-3823	410-638-3823	410-273-5579
Howard Kaounti	410-313-7161	410-313-7161	410-313-7161
Kent Kaounti	410-778-5708	410-778-5708	410-778-5708
Montgomery Kaounti	240-777-4809	240-777-4809	301-279-3100
Prince George's Kaounti	301-883-7428	301-883-7428	301-431-5675
Queen Anne's Kaounti	410-827-4629	410-827-4629	410-758-3693
Somerset Kaounti	410-651-9413	410-651-9413	410-651-9413
St. Mary's Kaounti	301-475-4393	301-863-4069	301-863-4069
Talbot Kaounti	410-820-6940	410-820-6940	410-820-6940
Washington Kaounti	301-766-8221	301-766-8221	301-766-8221
Wicomico Kaounti	410-677-5250	410-677-5250	410-677-5250
Worcester Kaounti	410-632-5234	410-632-5234	410-632-5234
Nan tout leta an			
Lekòl Maryland pou Moun Avèg	1-800-400-4519, Eks. 489		
Lekòl Maryland pou Moun Soud	410-480-4597		
Sèvis Sipò pou Fanmi nan Depatman Edikasyon Leta Maryland <i>(ansanm ak sipò devwe pou fanmi militè ak fanmi jèn prizonye angaje nan Maryland)</i>	1-800-535-0182		